



Pou Piblikasyon Imedya: 22/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANKOURAJE NOUYÒKÈ YO ACHE LOKALMAN NAN TI BIZNIS YO SAMDI

*25 novanm make Samdi Ti Biznis yo nan tout Eta New York*

*Lè yo sipòte biznis lokal yo, sa ede kreye djòb ak ankouraje kwasans ekonomik rejyonal*

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te ankouraje Nouyòkè yo pou yo sipòte ti biznis lokal ak rejyonal yo pandan sezon fèt la – espesyalman samdi 25 novanm sa a pou "Samdi Ti Biznis yo" (Small Business Saturday), ki selebre devouman ak lespri pwopriyetè ti biznis eta a yo. Ti biznis yo reprezante 98 pousan nan tout biznis Eta New York yo, epi yo sipòte 40 pousan mendèv sektè prive a. Lè yo fè makèt lokalman, Nouyòkè yo investi revni ak lajan taks an retou nan kominote pa yo, sipòte travay, epi ankouraje kwasans ekonomik rejyonal davantaj.

"Kòm pitit fi yon pwopriyetè ti biznis, mwen konnen li mande travay di ak pèsèverans pou kòmanse ak devlope yon biznis", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Depi nan kòmansman administrasyon mwen an, nou te fè investisman istorik nan ti biznis New York yo, ki bay travay, ranfòse ekonomi lokal yo, epi yo gen yon gwo enpak sou kominote yo atravè eta a. Pandan SSamdi Ti Biznis sa a ak chak jou, mwen ankouraje Nouyòkè yo pou achte lokalman."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Ti biznis yo enpòtan anpil pou ekonomi lokal nou yo; vwazen ak zanmi nou yo posede yo epi yo re-investi nan kominote nou yo. Pandan n ap tann Samdi Ti Biznis lan, tanpri sonje sipòte biznis lokal nou yo nan wikenn sa a ak pandan tout sezon fèt la."

**Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,** "Ti biznis yo se batman kè ekonomi divèsifye ak solid nou an. Sezon fèt sa a ak pandan tout ane 2024 la, fè makèt nan ti biznis yo epi achte souvan pou sipòte vwazen nou yo ak ekonomi lokal yo nan tout eta a."

**Komisè Pa Enterim Depatman Fiskalizasyon ak Finans lan (Department of Taxation and Finance) Amanda Hiller, te deklare,** "Eta New York konte sou, sipòte

epi selebre sektè ti biznis li yo. Nou ofri yon pakèt kredi taks ak ankourajman pou ede kòmanse epi elaji ti biznis yo, epi nou rekonesan pou kontribisyon pwopriyete ti biznis yo non sèlman wikenn sa a, men pandan tout ane a."

**Komisè Agrikilti Eta New York la, Richard A. Ball, te deklare,** "Samdi Ti Biznis yo se yon gwo opòtinite pou rebay biznis katye nou yo ke pwopriyete yo travay di pou pote pwodwi espesyal bay kominote pa yo non sèlman pou jou ferye yo, men pandan tout ane a. Nan Depatman an, nou travay di pou sipòte fèm nou yo ak ti biznis manje ak bwason nou yo, tankou atravè pwogram Kiltive & Sètifye NYS (NYS Grown & Certified) ak Taste NY nou yo, ki ede nou prezante yo bay nouvo kliyan epi rakonte istwa yo. Gen anpil Nouyòkè enpresyonan k ap fè bon jan kalite pwodwi inik, soti nan atik kado rive nan manje ak bwason fòmidad, epi mwen ankouraje tout moun pou yo panse lokal lè y ap fè makèt pandan jou ferye yo. Ale nan magazen Taste NY ki pi pre w la, achte sou entènèt nan [ShopTasteNY.gov](http://ShopTasteNY.gov), oswa vizite fèm lokal ou a, plas manje, oswa pwodiktè bwason atizanal ou pi renmen yo pou sipòte agrikilti New York la."

Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, New York kontinye ankouraje ti biznis eta a yo grandi, pwospere ak maksimize opòtinite pou reysit atravè divès inisyativ ak pwogram ajans yo. Depi lè li te antre an fonksyon, Gouvènè a te etabli ak amelyore 26 pwogram san parèy sèlman pou ti biznis yo, epi li angaje prèske 1 milya dola pou sipòte ti biznis yo atravè Empire State Development lan.

New York se youn nan eta ki gen plis antreprenè nan nasyon an epi li sipòte yon rezo [Sant Asistans pou Antrprenarya](#) (Entrepreneurship Assistance Centers, EAC) toupatou nan eta a. Sant sa yo bay ansèyman, fòmasyon, asistans teknik, ak sèvis sipò bay pou Nouyòkè ki enterese kòmanse oswa ki fèk kòmanse pwòp biznis yo, oswa antreprenè k ap chèche elaji oswa ranfòse biznis demaraj pa yo.

Empire State Development sipèvize plis pase 500 milyon dolanan finansman federal yo akòde atravè [Inisyativ Kredi pou Ti Biznis Eta yo](#) (State Small Business Credit Initiativ, SSBCI), ki fèt pou ede ti biznis ki defavorize yo reysi. [Divizyon Ti Biznis](#) ESD a sipòte biznis ki gen mwens pase 100 anplwaye atravè yon pòtfèy pwogram ak inisyativ ki ankouraje kwasans. Sitwèb Divizyon an bay resous ki ede pwopriyete ti biznis yo mache atravè pwogram ki disponib yo, tankou sitwèb [Business Express](#) eta a ki esplike divès egzijans pou biznis yo.

Depatman Travay Eta New York la (New York State Department of Labor, NYSDOL) ofri divès sèvis gratis pou biznis tout dimansyon, ki enkli dè milye djòb ki pibliye sou [sitwèb](#) NYSDOL la, aksè ak plizyè dizèn milye kandida ki kalifye nan gwoup talan nou an, sipò fwa karyè ak rekritman pèsonalize, ak sèvis konsiltasyon nan Resous Imèn. Plis pase 24,000 biznis travay ak NYSDOL chak ane pou afiche travay yo, jwenn bon kandida yo, gen aksè ak ensitatif pou anbochaj ak fòmasyon, jwenn kredi enpo ak ensitatif, jwenn èd ak lwa endividyèl ak sèvis konfòmite pou sekirite ak sante, epi jwenn resous avèsyon pou revokasyon. Pou plis enfòmasyon, vizite: <https://www.labor.ny.gov/business>.

Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York sipòte endistri agrikòl New York la, ki sipòte plis pase 33,500 fèm, 700 mache fèmye ak kyòsk agrikòl, ak plizyè milye ti biznis. Depatman an sipòte fèm ak biznis manje ak bwason nan bay plizyè sèvis enpòtan ki amelyore biznis yo epi ogmante pwodikтивite, rentabilité, ak konpetitivite. Li ofri tou opòtinite pou pwomosyon dirèk atravè pwogram Kiltive epi Sètifye Eta NY (NYS Grown & Certified), ki komèsyalize agrikiltè ak pwodiktè lokal k ap patisipe nan pwogram manipilasyon manje ak dirabilite anviwònmantral la an tout sekirite, k ap ede yo fè konpetisyon pi byen sou mache a.

Anplis de sa a, [pwogram Taste NY](#) la prezante manje ak bwason biznis New York yo nan gwo evènman piblik yo ak nan plis pase 70 lokal Taste NY atravè Eta a, enkli Sant Dakèy Eta a yo, kote Nouyòkè yo ka jwenn yon kado pou tout moun ki sou lis makèt jou ferye pa yo. Mache Taste NY ak Magazen Taste NY Sant Dakèy rejyonal New York yo atravè eta a ofri atik espesyal ansanm ak panyen kado ki fèt davans epi ki pa pèsonalize, manje lokal yo, atik ki fèt alamen, ak lòt pwodwi inik. Mache Taste NY yo se yon bon kote pou achte yon pakèt manje ak bwason, soti nan vyann chakitri ak fwomaj rive nan diven ak sid, ki ka itilize pou kreye manje fre, ki gen bon gou pou fèt la. Pou jwenn yon lis konplè lokal Taste NY, lè operasyon yo ak enfòmasyon kontak, vizite sit [sit entènèt Teste NY](#) la.

Mache sou entènèt la, [ShopTasteNY](#), ofri opòtinite pou achte pwodwi ak kado agrikòl New York yo nan konfò lakay ou. ShopTasteNY.com gen seri kado pou jou ferye ki disponib pou achte, ansanm ak seleksyon regilye pwodwi li a ki mete aksan sou kalite ak divèsite eta a. Yo ka livre kòmmand yo nenpòt kote nan peyi Etazini ak Kanada. Pou pi byen asire ke kòmmand kado rive anvan 24 desanm, li rekòmande pou fè kòmmand yo mete anvan lendi 18 desanm. Ane sa a, [ShopTasteNY.com](#), ki se mache anliy Taste NY la, pral ofri plizyè kontra nan wikenn jou ferye yo, tankou ofri 50% reduksyon sou tout sit la nan Black Friday, livrezon gratis ak yon kado gratis nan Samdi ak Dimanch Ti Biznis yo, ak 30 pousan rediksyon sou Kat Kado ak livrezon gratis nan Cyber Monday (Lendi Sibè)

## Fason pou Sipòte Ti Biznis yo Chak Jou

- **Achte lokal** - Fè efò pou achte nan ti magazen lokal yo nan kominote w la. Lè w achte nan ti biznis yo, w ap ankouraje ekonomi lokal ou a paske pwopriyetè ti biznis yo gen tandans achte founii ak machandiz ki tou pre.
- **Achte kat kado** - Pifò ti biznis, soti nan restoran ou pi renmen an, bar oswa cafe a, magazen detay espesyalite sou katye w la, oswa salon bote lokal ou an, ofri kat kado oswa sètifika kado. Lè ou achte kat kado, w ap enjekte investisman ki nesèsè nan biznis sa yo pou apre sezon fèt la fin pase.
- **Ale nan mache kiltivatè lokal ou a** - Anpil mache kiltivatè deyò yo ka dirije yo anndan kay nan moman sa a nan ane a, men toujou gen anpil òf inik san parèy. Soti nan atizana ki fèt alamen rive nan vejetasyon sezonye - mache kiltivatè lokal ou a se yon bon kote pou sipòte ti biznis lokal yo.

- **Vizite oswa kòmmande pou anpòte oswa livrezon nan ba oswa restoran lokal ou an** - Pa bliye bay bon tep. Travayè restoran yo te frape pami sila yo ki frape pi di pa pandemi an. Anpil restoran toujou ap ofri livrezon bò lari.
- **Bay kòmantè ki pozitif** - Si ou te jwenn yon bon pwodui, repa, oswa sèvis oswa menm hyon bon pwomosyon oswa vant, fè zanmi ak fanmi ou yo konnen. Pa bliye kite yon bon kòmantè sou rezo sosyo. Pi bon piblisite a se bouch a bouch.
- **Si ou dwe fè yon retou, pran yon kredi nan magazen an olye yon ranbousman** - Si ou kapab. Sa kenbe lajan an nan ti biznis la epi chak bagay ede.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418